


# RECONNECT SELF SERVICE

Pwogram Asistans Reyanplwa a (RA) ap entwodwi Oto **Oto-Sèvis Reconnect**, yon chanèl oto-sèvis pou ede w jere enfòmasyon sou reklamasyon RA w la. Avèk sèvis sa a, ou ka fasilman jwenn aksè nan detay kont ou a atravè nenpòt aparèy mobil san w pa janm bezwen pou pale ak yon ajan ni koute yon envite vokal. Sa ap ede nan anviwònman ki gen bwi oswa pou pwoteje vi prive w nan piblik. Enfòmasyon sou reklamasyon w lan ap fasiman vizib sou ekran aparèy ou a kote w ka pran yon foto ekran an pou itilize nan lavni.



Oto-Sèvis Reconnect la ap pèmèt ou:

- ▶ Mete ajou PIN Reconnect ou
- ▶ Mete ajou nimewo telefòn kontak ou
- ▶ Chanje metòd korespondans ou
- ▶ Chanje metòd peman ak opsyon pou retire taks
- ▶ Resevwa enfòmasyon detaye sou reklamasyon w lan enkli peman estati, avi detèminasyon ki pibliye, enfòmasyon sou apèl/kontestasyon ak mesaj sou pwogram RA.

## Oto-Sèvis Reconnect la

Fèt kòm yon chanèl oto-sèvis avèk aksè fasil sou nenpòt aparèy mobil pou jwenn enfòmasyon aktyèl sou reklamasyon w lan epi li gen kapasite pou pèmèt ou fè chanjman.

Kòmanse itilize Oto-Sèvis Reconnect la jodi a menm nan:

<https://visualivr-reconnect.commerce.fl.gov>

(se yon Sèvis sou Entènèt – Ou pa gen pou telechaje okenn app)

**FLORIDACOMMERCE**